

## Kegiatan Dasar (Aspek Poko) Kritik Sastra

1. **Analisis:** Karya sastra mangrupa struktur anu kompleks (pajeujeut), pikeun nyurahan sarta nyangkem kana eusina, perlu dianalisis, nya eta diguar unsur-unsur atawa norma-normana.
  2. **Interpretasi/napsirkeun:** napsirkeun kana sagala aspek-aspekna (Abram, 1981:84). Medar harti basa(na)/babasan jeung paribasa oge ambiguitas makna, parafrase, jeung komentar.
  3. **Evaluasi/ngajen:** Ngungkarakeun punjul jeung hengkerna hiji karya sabada dianalisis jeung ditapsirkeun.
- Analisis jeung interpretasi dina karya sastra kudu dipatalikeun jeung ngajen kana eta karya (Wellek & Warren, 1968).

## Kritik nu hade/sampurna

1. Nganalisisna dumasar kana teori jeung hakekat sastra;
2. Nganalisisna kana sakumna norma sastra, lain kana salahsahijina wungkul
3. Objektif tur teu mihak;
4. Aya tinimbangan hade jeung goreng kana karya nu dianalisis;
5. Bisa nuduhkeun hal nu anyar tina karya nu dianalisis (mun aya)

## Kritik nu kurang hade/teu sampurna

1. Subjektif tur mihak;
2. Teu bisa nuduhkeun ngandung ajén seni atawa hentuna hiji karya;
3. Nguatamakeun hal-hal nu remeh, sedengkeun pasualan nu penting teu dipedar;
4. Taragal jeung teregesan tur kurang toleran jeung kompromi;
5. Mapatahan teuing;
6. Teu tepi kana ngajén;
7. Sawanganana cupet, ngulikbek, tur kurang hojah.

## Bangbaluh/keberatan terhadap kritik sastra

1. Karya sastra diciptakeun pikeun dibaca, dirarasakeun kaendahanana, diteuleuman eusining pikiranana, lain pikeun dicacag dipisah-pisah antar unsurna nepi ka leungiteun hartina.
2. Nganalisisna henteu gembleng, ukur kana salah sahiji norma atawa unsurna wungkul, atawa ukur kana salah sahiji jihat sawangan wungkul pikeun nohonan kaperluan paelmuan sejen (sajarah, biografi, linguistik).
3. Masarakat ukur maca karya kritikna, teu maca karya nu dikritikna. Ku kituna pamaca nyawang hiji karya sastra dumasar kana sawangan kritikus.

# WARNA KRITIK

## **a. Dumasar Metode Ngalarapkeunana:**

*(Abram ngabagi jadi kritik judicial & kritik impresionistik, sedengkeun Hudson ngabagi jadi kritik judicial & kritik induktif)*

1. Kritik Induktif
2. Kritik Judicial
3. Kritik Impresionistik

## **b. Dumasar Corak atawa Nu Nulisna:**

1. Kritik Akademik
2. Kritik Sastrawan, (& Kritik Umum)

## **c. Dumasar Cara Gawena:**

1. Kritik Deduksi
2. Kritik Induksi

## **d. Dumasar Orientasi atawa Dasar Sawangan:**

1. Kritik Objektif
2. Kritik Ekspresif
3. Kritik Mimetik
4. Kritik Pragmatik